# 2020/2023-жылларда 141 мыңнан аслам халық таза ишимлик суўы менен тəмийинленеди

Image not found or type unknown

11-ноябрь күни Ҳүрметли Президентимиз “2020/2023-жылларда Қарақалпақстан Республикасын комплексли түрде социаллық-экономикалық раўажландырыў ис-иләжлары ҳаққында”ғы  ПҚ-4889-санлы қарарын тастыйықлады.

Бул қарарда биринши гезекте халықтың турмыс дәрежесин жақсылаў соның менен бирге республикадағы барлық тараўларды раўажландырыў мәселелери өз көринисин тапқан.

Атап айтқанда 2020/2023-жыллар даўамында 141 мыңнан аслам халықты таза, орайласқан ишимлик суўы тәмийнатына жалғаў арқалы таза ишимлик суўы менен тәмийинлениў дәрежесин 61,5 пайыздан 70,1 пайызға жеткериў нәзерде тутылған.

Соның менен бирге Нөкис қаласы, тақыятас ҳәм Хожели районлары орайларындағы 105 мыңнан аслам шаңарақларды ақаба суў (канализация) тармақларына жалғаў режелестирилген.

Бул арқалы ишимлик суўы ҳәм ақаба суў машқаласы сапластырылып, суў қубырларындағы насазлықларда жаңалаў жумыслары алып барылады.

ҚР Министрлер Кеңеси Мәлимлеме хызмети